

RAKONTÈ: Video sa a gen bonjan enfòmasyon itil sou odyans pou demann azil. Wap jwenn plis detay ak nouvèl enfòmasyon sou sitwèb nou an : irb.gc.ca

MIZIK: Gen yon ti mizik de fon k ap jwe pandan tout videyo a.

RAKONTÈ: Lè w fè yon demann azil o Canada, se ou ki responsab pou w bay prèv ki soutni dosye ou a. Dokiman sa yo va sipòte demann ou a nan odyans sou azil la.

Video sa a ap ede w konprann kòman pou w rasanble e bay prèv ou yo devan Seksyon Pwoteksyon Refijye (SPR) nan Komisyon Imigrasyon ak Refijye (CISR an franse). Men ou pa oblije fè sa poukont ou. Toudabò, ann gade ki moun ki ka ede w nan demach demann azil ou a.

Ou kapab anplwaye yon pwofesyonèl pou ede w nan demach demann azil ou a. Pwofesyonèl sa yo rele “Konseye”. Se kapab yon avoka oubyen yon konseye nan imigrasyon. Nan kèk zòn, ou ka menm anplwaye kòm konseye yon notè piblik oubyen yon oksilyè lalwa.

Si w vle anplwaye yon konseye, ou dwe fè sa leplivite ke posib. W ap responsab pou w peye konseye a, amwens ke sitiyasyon w ta pèmèt pou w jwenn èd nan men yon ajans jiridik nan pwovens ou a.

Si ou genyen yon konseye, l ap reprezante w nan odyans lan. Avan odyans lan, li va diskite ak ou sou demann azil ou a e li va konseye w sou ki prèv ou bezwen rasanble pou sipòte demann ou an.

Si w deside mande yon zanmi, yon fanmi oubyen yon volontè reprezante ou, yo pa kapab mande w peye lajan pou sa. Nan sitiyasyon sa a, moun nan ta dwe ranpli fòm *Avi Reprezantasyon San Frè ni Lòt Konsiderasyon*.

Ou ka jwenn fòm sa a nan seksyon Demann Azil la (Demande d’asile) sou sitwèb CISR lan anba pati fòm yo.

Ou pa oblije gen reprezantan. Lè w reprezante tèt ou sa vle di se wou k ap chwazi ki prèv wap prezante e ki agiman wap itilize pou sipòte demann ou an.

RAKONTÈ: Lè ou fè yon demann azil, ou pale ak yon ajan nan Ajans Fwontyè Canada oubyen nan Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Canada ki deside si demann refijye ou a akseptab pou l ale devan SPR.

Si w te antre nan kèk pwendantre tankou aewopò oubyen fwontyè, yo te bawou yon fòm Baz pou demann ou a e ou ta dwe voye fòm sa a tou ranpli bay SPR.

Si ou te fè demann azil ou an pandan ou te deja o Canada, ou te voye fòm ou a tou ranpli ki rele *Fòm baz demann nan* bay Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Canada (IRCC an franse). Si demann ou an te akseptab, ajan an voye fòm ou an bay SPR.

Kèlkeswa kote ou fè demann azil ou a, objektif *Fòm Baz demann nan* se menm.

Se li ou itilize pou w prezante demann azil ou a.

RAKONTÈ: Kesyon ki nan fòm *Baz demann nan* la pou ede w mete pati ki pi enpòtan nan istwa ou a, eksperyans lavi w ak rezon ki fè ou mande azil o Canada.

SPR itilize enfòmasyon sa yo pou pran desizyon sou demann ou an, alò li trèzenpòtan pou tout enfòmasyon w ap bay nan fòm *Baz demann nan* konplè, san manti ladan e korèk.

RAKONTÈ: Aprè ou fin voye *Fòm Baz demann nan*, ou dwe voye tou dokiman ki soutni demann azil ou a. Yo rele dokiman sa yo prèv.

Li posib ke ou pa t gentan pran tout prèv ou yo avan ou kite peyi w.

Men kounye a ou o Canada, li enpòtan pou w kòmanse rasanble prèv ou yo.

Ou dwe voye prèv dosye ou a pivit ke posib, pou pipiti 10 jou avan dat odyans ou an. Pa tann delè a rive pou w voye prèv yo.

Si w bezwen voye prèv ou yo mwens ke 10 jou avan odyans lan ou bezwen mande pèmisyon pou sa. Yo bay pèmisyon sèlman si gen sikonstans espesyal. Wap bezwen ranpli yon *Aplikasyon pou w ka soumèt dokiman an reta (Demande de communication tardive)* ke ou ka jwenn sou sitwèb CISR la.

Lè w voye dokiman ou yo bonè, sa ede CISR deside kilè lap fè odyans ou a oubyen li kapab konnen si demann ou an te ka aksepte san odyans.

RAKONTÈ: Ann fè yon koudèy sou de tip prèv ke yo itilize pou evalye demann ou a. Youn se sitiyasyon peyi w e lòt la se dokiman pèsònèl ou yo.

RAKONTÈ: Wap chache azil ak pwoteksyon nan men Canada paske ou di ke nan peyi w wap sibi pèsèkisyòn..

Pou l ka byen evalye demann ou an, moun ki pran desizyon an nan dosye ou a bezwen konnen sitiyasyon peyi ou. Li va gade yon bagay yo rele “Katab dokimantasyon nasyonal” oubyen KDN (NDP an angle).

Katab sa yo se yon kantite dokiman piblik ki disponib ki eksplike kondisyon politik, sosyal, kiltirèl, sosyal, ekonomik ak dwa delòm nan peyi ou a. Sitiyasyon yon peyi chanje souvan, se pou sa enfòmasyon katab sa yo chanje souvan tou.

Komisè ki responsab dosye ou a ap gen pou l gade enfòmasyon ki nan katab la sou peyi ou a lè l ap pran desizyon sou demann ou an.

Li enpòtan pou w gade katab enfòmasyon sou peyi w la ki sou sitwèb CISR la.

Pwiske CISR deja gen enfòmasyon sou peyi ou a nan katab yo, ou pa bezwen voye menm dokiman yo ankò.

Men, si gen kèk enfòmasyon sou peyi w la ki pa nan katab yo e ki enpòtan pou dosye ou a, e ou te vle voye yo bay, ou gen dwa voye jiska 100 paj dokiman. Si sa konsène plizyè peyi, ou ka voye 100 paj pou chak peyi. Si ou gen plis ke 100 paj pou yon peyi, w ap bezwen ranpli yon fòm ki rele *Aplikasyon pou voye gran kantite enfòmasyon (Demande de présentation d'une communication volumineuse)*. Ou ka jwenn fòm sa a sou sit CISR la.

RAKONTÈ: Genyen kèk dokiman pèsònèl ke ou **bezwen** voye san pèditan bay SPR.

Lè w fè yon demann azil o Canada, ou dwe soumèt yon kopi idantite w ak dokiman vwayaj ou bay SPR ansanm ak fòm *Baz demann nan*. Pa egzanp ou ka bay dokiman ki gen non ou ak dat nesans ou, tankou paspò, kat didantite peyi w, batistè, sètifika lekòl, pèmi kondwi, dokiman militè, oubyen kat pwofesyonèl ak kat manb relijyon ou.

Si ou pat gentan voye yon kopi idantite w ak dokiman vwayaj ou ansanm ak *Fòm baz demann nan* oubyen si w te resevwa dokiman sa yo aprè ou te fin voye *fòm* nan, ou bezwen voye yon kopi bay SPR imedyatman.

RAKONTÈ: Ansanm ak dokiman idantite w yo, ou kapab voye tou lòt dokiman pou soutni demann azil ou a.

Men kèk egzanj dokiman ou kapab voye : kat manm òganizasyon politik, rapò medikal ou sikolojik, dokiman polis, dosye biznis, moso jounal, oubyen pòs medya sosyo. Nenpòt ki bagay ki kab soutni demann ou an.

RAKONTÈ: Aprè ke yo fin egzamine *Fòm Baz demann nan*, SPR ka mande ou kèk dokiman espesifik. Ou bezwen swiv e egzekite ak atansyon sa yo mande a.

Si ou pa bay dokiman idantite w ak dokiman pèsonèl ou, oubyen nenpòt lòt dokiman ke SPR mande pou sipote demann ou a, w ap gen pou w eksplike nan odyans la poukisa ou pa genyen yo. W ap genyen tou pou w demontre ke w te fè bonjan efò pou w te eseye jwenn yo.

RAKONTÈ: Ou fin konnen *ki prè*v pou rasanble, kounye a ou bezwen konnen *kòman* pou w voye yo ale bay SPR.
Genyen sis etap pou w swiv. Ann konsidere yo chak.

RAKONTÈ: Premye etap: anvan ou voye dokiman ou yo, asire w ke yo ekri an anglè oubyen an franse. Si se nesèsè pou w tradwi yo soti nan yon lòt lang, mete deklarasyon tradiktè a ladan tou ansanm ak kopi orijinal yo.

RAKONTÈ: Dezyèm etap: mete tout dokiman ou yo ansanm, epi nimewote paj yo an òd, answit ou kapab ajoute yon paj kouvèti. CISR gen yon paj kouvèti ke ou ka itilize, li rele *Liste des documents du demandeur d'asile*

Ou ka jwenn fòm sa a nan seksyon Demann Azil (Demande d'asile) sou sitwèb CISR, anba "fòm" (formulaire).

Ou ka ranpli fòm nan anliy epi enprime li, oubyen ou ka gade sou fòm sa a kòm yon egzanj e kreye pwòp paj kouvèti pa wou.

RAKONTÈ: Twazyèm etap: fè kopi tout pakè dokiman ou yo, ansanm ak paj kouvèti a. Li enpòtan pou ou kenbe yon kopi de tout dokiman ke ou voye bay SPR pou w ka fè referans a yo nan odyans ou a.

RAKONTÈ: Katriyèm etap: Voye yon kopi tout dokiman ou yo bay SPR pa youn nan mwayen ki sou sitwèb nou an.

Nou ankouraje w itilize pòtay 'Mon dossier' a. Al sou sitwèb CISR la pou w wè sil disponib.

RAKONTÈ: Senkyèm etap: Nan kèk ka, Konseye Minis la konn patisipe nan odyans lan. Se yon lòt moun, se pa Konseye ke ou genyen an.

Konseye *Minis* lan ap travay pou Sèvis Fwontyè Kanada, oubyen pou Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Kanada e li reprezante Ministè Sekirite Piblik oubyen Ministè Imigrasyon, Refijye

ak Sitwayènte.

Si Konseye Minis lan deside patisipe, y ap fè w konn sa e y ap voye bawou yon *Avi patisipasyon* (Avis de participation).

Konseye Minis lan ka patisipe a lekri lè l voye yon nòt ba wou ak SPR kote li voye prèv li genyen yo, oubyen tou li gendwa patisipe an pèsonn nan odyans ou an e li va gen pou l poze w kesyon.

Sonje, menm si Konseye Minis lan patisipe, se yon manm SPR kap pran desizyon nan demann ou an.

W ap resevwa enfòmasyon sa a pa mwens ke 10 jou avan odyans ou an. Adrès la ap nan lèt la.

Si Konseye Minis lan ap patisipe nan odyans ou an, ou dwe voye yon kopi prèv ou yo ba li tou e fè SPR konnen ke ou fè sa.

RAKONTÈ: E dènye etap la se etap sis (6) la: pote tout dokiman ou yo nan odyans lan, kopi ak orijinal.

Sa yo se sis (6) etap ou dwe swiv pou w voye dokiman ou yo bay Seksyon Pwoteksyon Refijye ki nan CISR la.

RAKONTÈ: Pou dènye enfòmasyon sou pwosesis demann azil ou a, ale sou sitwèb CISR la oubyen rele san frè nan 1-833-931-5121 pou enfòmasyon jeneral.

RAKONTÈ: Ou kapab tou eskane kòd QR lan sou ekran an pou ale sou paj *Kontakte nou an*, kote ou va jwenn enfòmasyon sou ki kote ou ka voye dokiman ou yo e kòman ou ka jwenn nou si ou gen kesyon.